# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

केंद्रीय स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण मंत्री जेपी नड्डा कहले हवें कि येह बरिस के आखिर ले भारत से टीबी के खतम करे बदे सज्जो कोसिस जारी हौ। ओडिशा क पुरी में भारत में सार्वजनिक स्वास्थ्य देखभाल प्रणाली में अच्छा अनुकरणीय प्रथा अउर नवाचार पर नउवां राष्ट्रीय सिखर सम्मेलन क उद्घाटन करत श्री नड्डा कहलें कि सरकार के ओरि से दुई हजार सतरह में नया स्वास्थ्य नीति अपनवले के बाद बहुते सुधार भइल हौ।

**ट्यूबरक्लोसिस में अभी जो डब्ल्यू एच ओ कि ग्लोबल रिपोर्ट आई है उसमें हम ट्यूबरक्लोसिस के बर्डन स्टेट से निकलकर के इरेडिकेटेड स्टेट में हम आकर के खड़े हो रहे हैं और यह जो 100 डेज टीवी मुक्त भारत का जो कैंपेन चल रहा है। वी हैव ऑलरेडी डिटेक्टिड 5 लाख टीबी पेशेंट और अभी 100 डेज होना बाकी है।**

श्री नड्डा कहलें कि मातृ मृत्यु दर अउर शिशु मृत्यु दर वैस्विक कमी दर से दुगुन्ना कम हो गइल हौ ओहीं मलेरिया पर काफी हद ले अंकुस लागल हौ।

**********

प्रयागराज महाकुंभ के दौरान नई दिल्ली रेलवे स्टेसन पर भइल दुखद घटना के मामिला में सुप्रीम कोर्ट आजु ओह याचिका के खारिज कइ दिहलस, जेहमें दुइ सौ सरधालुअन के मउति क दावा कइल गइल रहे। एगो रिपोर्ट–

**याचिकाकर्ताओं का दावा था कि रेलवे प्रशासन मृतकों की संख्या छिपा रहा है। कोर्ट ने याचिकाकर्ताओं से कथित दावे का सबूत मांगा और संक्षिप्त सुनवाई के बाद याचिका खारिज कर दी। कोर्ट ने यह भी टिप्पणी की कि प्रभावित लोगों को ही कोर्ट में आना चाहिए। पंद्रह फरवरी की रात में नई दिल्ली रेलवे स्टेशन पर हुयी इस दुखद घटना में अठारह लोगों की मौत हो गई थी, जबकि कई अन्य लोग घायल हो गये थे। समाचार कक्ष से विवेक सिंह।**

**********

प्रदेस सरकार आजु विधानसभा में बतवलस कि बरिस दुइ हजार सतरह से अबले साढ़े सात लाख से बेसी नौजवानन के सरकारी नोकरी दीहल गइल हौ। ई पछिला सपा अउर बसपा सरकार में नौजवानन के मिलल सरकारी नोकरी के तुलना में बेसी हौ।

श्रम अउर सेवायोजना मंत्री अनिल राजभर प्रस्नकाल के दौरान सपा सदस्य डॉक्टर राकेश वर्मा के सवाल पर बतवलें कि बसपा सरकार के दौरान बरिस दुइ हजार सात से दुइ हजार बारह ले चउहत्तर हजार सात सौ बासठ अउर सपा सरकार के दौरान बरिस दुइ हजार बारह से दुइ हजार सतरह ले एक लाख ओन्तालीस हजार सात सौ सरकारी नोकरी दीहल गइल रहे।

**********

प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु श्रीराम मंदिर में श्रीरामलला क दरसन कइ के पूजा–अर्चना कइलिनि। येह मौका पर उनके रामनामी भेंट कइ के मंदिर क पुजारी लोगि स्वागत कइलें। श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क ट्रस्टी डॉक्टर अनिल मिश्र अउर मंदिर व्यवस्थापक गोपाल राव राज्यपाल के मंदिर के निरमाण से जुड़ल जनकरियो दिहलें।

**********

आजु पूरा देस में राष्ट्रीय विज्ञान दिवस मनावल जा रहल हौ। हर सालि अट्ठाइस फरौरी के महान भौतिक विज्ञानी सर सीवी रमन के ओरि से रमन प्रभाव क खोज के उपलक्ष्य में ई दिन मनावल जाला। उन्हें येह महत्वपूर्ण खोज बदे बरिस ओन्नइस सौ तीस में नोबल पुरस्कार से सम्मानित कइल गइल रहे। येह मौका पर आजु जौनपुर के वीर बहादुर सिंह पूर्वांचल विश्वविद्यालय के रज्जू भैया संस्थान में छात्रन खातिर रमन प्रभाव पर बिसेस व्याख्यान क आयोजन भइल। येही क्रम में लखनऊ के भारतीय विषविज्ञान अनुसंधान संस्थान में विज्ञान परदरसनियो क आयोजन कइल गइल, जहवां सोधकरता लोगिन के ओरि से बिकसित कइल गइल अत्याधुनिक स्वदेसी तकनीक क परदरसन कइल गइल।

**********

चन्दौली जिला के नौगढ़ थान्हा इलाका में जयामोहिनी गांव के लग्गे काल्हि राति इग्यारह बजे एगो ट्रक अउर कार के सामने से भइल टक्कर में चारि जने क मउति हो गइल, ओहीं करीब आधा दरजन से बेसी लोगि घाही हो गइलें। दुरघटना क सिकार कार सवार सज्जो लोगि सोनभद्र जिला के दुद्धी रेलवे स्टेसन पर ट्रेन पकरे जात रहलें। चकिया क सीओ राजीव सिसौदिया बतवलें कि ई सज्जो लोगि जिला के शहाबगंज थान्हा इलाका के ग्राम पालपुर क रहवइया रहलें। येह मामिला में पुलिस मोकदिमा दरज कइ के कार्रवाई कइ रहलि हौ।

**********

पच्छिमी उत्तर प्रदेस में काल्हि से सुरू भइल बरखा अउर बूंदाबांदी के बादे आजु पूरबी उत्तर प्रदेस के कई जिलन में मौसम क मिजाज कुछु देर खातिर बदलि गइल। गोरखपुर अउर जौनपुर के सथहीं कई जिलन में आजु भिन्नहीं हल्लुकाहे बदरी के नाते ठंडी महसूस कइल गइल। मौसम विज्ञान विभाग आजु अउर बिहने पूरबी उततर प्रदेस में कुछु जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग येह दौरान कुछु जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बज्रपातो क चेतावनी जारी कइले हौ।

**********